

AVI SOU EKSEPSYON LIMITE POU MOUN NAN REYINYON EKSEPSYON

Dat: _____

Non ak adrès founisè a:

Non ak adrès endividyèl:

Frè pou sèvis relèv aktyèl: \$ _____ pou chak _____

Ou te resevwa avi sa a paske youn nan deklarasyon sa yo se vre: (1) ou se moun ki endike anwo a epi w ap mande sèvis relèv pou tèt ou; (2) ou responsab pou peye sèvis relèv yo pou moun ki endike anwo a; oswa (3) ou responsab pou jere finans moun ki endike anwo a.

Avi sa a aplike pou moun ki ap resevwa sèlman sèvis relèv Biwo Eta New York pou Moun ki gen Andikap Devlopman (OPWDD). Apati 15 jen 2010, nenpòt moun k ap plis resevwa sèvis ke OPWDD sipèvize dwe peye pou sèvis yo sòf si yo gen pwoteksyon Medicaid ki pral peye pou sèvis sa yo. Sepandan, moun ki sèlman ap resevwa sèvis relèv la pa pral resevwa bòdwo pou sèvis sa yo epi yo pa oblije gen pwoteksyon Medicaid ak enskripsyon pou sevis HCBS.

Ou kalifye pou eksepsyon limite an si tout deklarasyon ki anba yo se verite:

- 1) Ou ap resevwa oswa mande sèvis relèv nan men nou;
- 2) Ou pa ap viv nan yon altènatif rezidansyèl endividyèl (IRA), rezidans kominote, kay swen pou fanmi, oswa etablisman swen entèmedyè pou moun ki gen andikap entelektyèl (ICF / IID).
- 3) Ou pa ap resevwa oswa mande okenn nan sèvis sa yo OPWDD sipèvize: jesyon swen, tretman jou, abilitasyon kominote a, abilitasyon jou, sèvis prevokasyon, oswa sèvis travay sipòte; ak
- 4) Ou pa enskri nan Pwogram Esepsyon Sèvis Lakay ak Sèvis ki baze sou kominote (HCBS) OPWDD epi ou pa enskri nan okenn moman apre 14 Mas 2010.

Si nenpòt nan deklarasyon ki pi wo yo pa vre, oswa si sityasyon ou chanje pou ke nenpòt nan deklarasyon ki anwo yo pa vre, tanpri enfòmè nou touswit.

Ki sa eksepsyon limite vle di:

Eksepsyon limite vle di ou ka resevwa **sèvis relèv** san yo pa voye bòdwo bay konpayi pou sèvis la ak san yo pa aplike pou Medicaid ak HCBS sevis la.

Ou dwe enfòme nou si ou mande pou viv nan yon IRA, rezidans kominotè, kay swen pou fanmi, oswa ICF / IID, oswa si ou mande jesyon swen, tretman jou, abilitasyon kominotè, abilitasyon jou, sèvis prevocational oswa sèvis travay sipòte.

Eksepsyon limite ou pral fini si ou resevwa nenpòt nan sèvis ki endike anwo a, kòmanse nan dat sèvis sa yo kòmanse. Ou ka vin kalifye pou yon lòt eksepsyon limite pou sèvis relèv ou yo si ou sispann resevwa lòt sèvis yo, epi kalifye otreman pou eksepsyon limite yo.

Si eksepsyon ki limite a fini, moun nan, oswa yon lòt pati responsab, ap gen pou peye pou sèvis yo. Sinon, moun nan ap bezwen pwoteksyon Medicaid ki peye pou sèvis relèv la epi pou li enskri nan Eksepsyon Sèvis Lakay ak Sèvis Baze sou Kominote (HCBS).
Remak: Ou pral pèdi an pèmanans eksepsyon limite ou a si Medicaid kòmanse peye pou sèvis relèv ou yo.

Nou ka voye bòdwo ba ou pou sèvis sa yo si ou responsab pou pri yo. Nou ka refize oswa sispann sèvis yo si pèman an pa resevwa. Nou oblije swiv règleman nòmal pou sèvis ki sispann yo. Sèvis yo pa ka refize oswa sispann si lwa an entèdi li.